

Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO KÒMANSE TRAVAY NAN NOUVO ESTAD BELMONT PARK LA

Ekip New York Islanders la Dakò pou yo Jwe 28 Match nan Estad Nassau Coliseum lan Sezon sa a - 7 Match Plis Pase yo te Planifye Avan an

Konstriksyon an Pral Kreye 10,000 Djòb epi Jenere 2.7 Milya Dola nan Aktivite Ekonomik

Reprezantasyon Grafik Ajou Pwojè a yo Disponib [La](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te akonpaye ekip New York Islanders la, Komisè Lig Nasyonal Hockey a (National Hockey League, NHL), Gary Bettman, lidè lokal yo ak fanatik hockey yo pou yo kòmanse travay nan nouvo estad New York Islanders la nan Belmont Park, ki se pyès mètrès Redevlopman Belmont Park la (Belmont Park Redevelopment) k ap koute 1.3 milya dola. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te anonse ke ekip la dakò pou yo jwe 28 match nan sezon regilye yo nan estad Koliseyòm Komemoratif Ansyen Konbatan Nassau la (Nassau Veteran's Memorial Coliseum) pandan sezon 2019-2020 an, sèt match plis pase yo te planifye avan an. Anons sa yo ap pwomouvwa efò Gouvènè a ap fè pou l fè Belmont Park vin tounen yon destinasyon espòtif ak ospitalite premye plan k ap ranfòse ekonomi Long Island lan.

"Islanders dwe nan Long Island — epi jodi a, nou kòmanse konstwi yon estad lakay dènye kri ke ekip sa ak fanatik li yo merite pandan n ap jerene anpil milye djòb ak anpil milya dola nan aktivite ekonomik pou ekonomi rejyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gras a sèt match anplis Islanders yo pral jwe nan Coliseum lan sezon sa a, fanatik yo pral gen menm plis opòtinite ankò pou yo wè ekip prefere yo a epi jenere elan pou yo demenaje al nan nouvo estad lakay yo a nan dezan. Ofinal, pwojè sa a vize plis devlope de gran tradisyon Long Island genyen - Belmont Park ak Islanders yo - epi fè yo vin pi gran pase jamè."

"Konstriksyon nouvo estad la nan Belmont Park pral redevlope estad lakay ekip Islanders la, sipòte plis match ak evènman, epi fè plis vizitè vin nan rejyon an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Gran pwojè siyifikatif sa a pral tabli Belmont Park kòm yon destinasyon espòtif epi li pral kreye anpil milye djòb ak estimile aktivite ekonomik nan Long Island."

Jon Ledecky, ki se Ko-Propriyètè Ekip New York Islanders la, te deklare, "N ap selebre jounen istorik sa avèk fanatik fidèl nou yo epi nou remèsye Gouvènè Cuomo, paske l te defann pwojè Estad Belmont Park la depi okòmansman. Islanders yo remèsye fonksyonè eli yo ak kominote nou an tou pou sipò yo te ban nou pou ede ekip pwofesyonèl sa a tive atenn etap enpòtan sa a".

Komisè NHL la, Gary Bettman te deklare, "Gras a angajman, devouman ak vizyon Gouvènè Cuomo, fanatik Islanders yo ap gen yon estad lakay yo ki gen kalib modyal ke ekip sa merite. Ekip Islanders la dwe nan Long Island epi avni an vrèman briyan pou ekip pwofesyonèl sa a".

Pwojè Redevlopman Belmont Park la, ke yo te anonse an desanm 2017 la, pral transfòme yon espas estasyonman yo pa itilize ase ki mezire 17 ekta pou l vin tounen yon destinasyon espòtif ak ospitalite premye plan, ki gen ladan yon nouvo estad k ap gen 19,000 syèj pou ekip hockey New York Islanders la ak lòt evènman yo, yon otèl ki gen 250 chanm, yon vilaj magazen epi espas pou biwo ak espas kominotè dènye kri. Anplis de sa, devlopè pwojè a yo - ki se New York Belmont Partners - pral amelyore de (2) pak lokal nan kominote avwazinan yo.

Gras a yon patenarya piblik-prive novatè, devlopè yo pral ede finanse tou yon nouvo estasyon tren Long Island Rail Road (LIRR) atanplen nan Elmont — k ap premye nouvo arè LIRR atanplen depi prèske 50 tan. Nouvo estasyon an pral pèmèt pasaje yo jwenn aksè a nouvo estad la, otèl la, ak vilaj magazen an kit yo soti alès oswa alwès, pandan y ap ofri yon nouvo opsyon transpò pou moun Long Island yo al travay.

Yo pwograme pou nouvo estad la fini atan pou sezon hockey 2021 - 2022 a. Pandan dezan k ap vini la yo, yo prevwa konstriksyon estad la, otèl la, ak vilaj magazen an pral kreye 10,000 djòb epi jenere 2.7 milya dola nan aktivite ekonomik. Apati 2024, yo prevwa pwojè a pral mentni 3,200 nouvo djòb atanplen, pwodui 858 milyon dola nan aktivite ekonomik anyèl epi jenere anpil dizèn milyon dola nan nouvo resèt taks anyèl.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development (ESD), Eric Gertler te deklare, "Nou fyè de gran avantaj pwojè sa pral pote nan Long Island - soti nan djòb ak nouvo resèt taks rive nan yon estad lakay pèmanan pou Islanders yo - epi mwen kontan anpil pou n kòmanse travay yo jodi a. Pwojè sa te pase nan yon pwosesis ouvè, kolaboratif ak solid, epi mwen ta renmen rekonèt tout Nouyòkè ki te patisipe pou ede kreye yon pi bon pwojè isit la nan Belmont, ke nou tout ka fyè de li".

Kòmanse apati Oktòb 2019, Islanders yo dakò pou yo jwe 28 match nan sezon regilye yo nan NYCB an dirèk, ki se estad lakay Koliseyòm Komemoratif Ansyen Konbatan Nassau la, pandan sezon hockey 2019-2020 an — sèt match plis pase yo te planifye avan an. Ototal, 68 pousan match sezon regilye ekip la jwe nan estad lakay yo pandan sezon 2019-2020 an pral jwe nan Coliseum lan kounye a. Ekip la ap kapab jwe nan Coliseum lan gras a 6 milyon dola eta te bay pou finanse amenajman yo te fè nan bilding lan yo. An Janvyè 2018, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) ke Islanders yo pral retounen nan Long Island twazan avan dat yo te prevwa, apres a li te [anonse](#) ekip la pral jwe 20 match — oswa anviwon mwatye match yo jwe nan estad lakay yo pandan sezon regilye a — nan Long Island.

Pandan anviwon dezan, Empire State Development ak New York Belmont Partners, ak afilye li a, New York Arena Partners — ki se yon patenarya komèsyal ant Sterling Equities, Scott Malkin Group ak Oak View Group — te gide Pwojè Redevlopman Belmont atravè yon pwosesis revizyon piblik transparan ak egzijan, ki te gen ladan 12 rankont ak odyans piblik ak anpil douzèn rankont yo te fè ak òganizasyon ak pati

konsène onivo lokal yo. Gras a opinyon fonksyonè lokal yo, manm kominote a yo, ak Komite Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Committee) pwojè a, yo te rive amelyore pwojè a nan chak vèsyon pwosesis revizyon an - ki te kilmine avèk nouvo estasyon LIRR y ap ajoute nan Elmont lan. Nan kòmansman ete sa a, pwojè a te resevwa apwobasyon piblik yo nan menm Konsèy Direksyon Empire State Development lan, Konsèy Sipèvizyon Ekip Pwofesyonèl la (Franchise Oversight Board) ak Konsèy Administrasyon Kontwòl Otorite Piblik la (Public Authorities Control Board).

Redevlopman Belmont lan ap konplèman anpil milya dola yo te investi nan Long Island depi lè Gouvènè Cuomo te antre an fonksyon - sa k ap sipòte enstitisyon akademik ak rechèch ki gen kalib mondyal rejyon an yo, revitalize sant vil yo, ranfòse sektè agrikilti, fabrikasyon, ak syans lavi yo, amelyore enfrastrikti yo epi investi nan endistri touris Long Island lan.. Gras a angajman sa yo, to chomaj Long Island lan te bese soti 7.1% an Jen 2011 vin 3.1% ane sa, tandike depans touris yo te ogmante plis pase 20% pou rive prèske 6 milya dola. 28 milyon touris ki vin vizite Long Island chak ane yo sipòte plis pase 75,000 djòb.

Senatè Leroy Comrie te di, "Mwen felisite Gouvènè Cuomo, mèt pwojè a yo ak ekip New York Islanders la pou angajman inebranlab nou pran an vè Pwojè Redevlopman Belmont Park la. Nou isit la jodi a, kote nou an mezi pou n kòmans travay nan pwojè transfòmasyon sa a, gras a yon pwosesis kolaboratif byen reflechi kote yo te angaje rezidan, defansè ak patnè kominote a yo. Mwen plis paka tann pou estasyon LIRR la espesyalman, ki se yon estrateji global pou redui blokis sikilasyon sou wout lokal yo ak sou otowout Cross Island Parkway a ak djòb ki peye salè sibzistans desan pou rezidan lokal nou yo".

Senatè Anna M. Kaplan te deklare, "Kòmansman travay jodi a reprezante kilminasyon pwosesis planifikasyon solid ak apwofondi ki te lakoz kreyasyon yon pwojè pou sipòte ekonomi lokal nou an, investi nan kominote nou an, epi pote Islanders yo vin nan estad lakay yo kote yo dwe ye. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, anplwaye ESD yo, ak tout manm kominote a yo ki te bay opinyon yo sou pwojè a paske yo te angaje nan yon dyalòg solid epi yo te travay ansanm pou asire ke pwojè a pral vrèman pote bon rezilta pou Long Island".

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Pwojè Redevlopman Belmont Park la prè pou l sèvi kòm yon efò k ap chanje règ jwèt la pou kominote a ak pou tout Long Island an jeneral. Envestisman vital sa a y ap fè nan rejyon nou an pral transfòme Belmont pou l vin tounen yon sant pou divètisman, komès ak devlopman ekonomik epi l ap pote Islanders adore nou yo vin lakay yo. Mwen paka tann pou m kontinye travay ak kominote ozalantou yo pou n asire siksè pwojè transfòmasyonèl la".

Manm Asanble Clyde Vanel te deklare, "kominote ozalantou Belmont Park yo, espesyalman Eastern Queens ak Elmont, te toujou chache fè devlopman ekonomik ak envestisman nan transpò komen byen reflechi — epi se egzakteman sa pwojè sa pral kreye. Nou vrèman kontan anpil pou nouvo djòb yo, nouvo aktivite ekonomik, ak nouvo enstalasyon pwojè sa a pral kreye yo, epi nou remèsye Gouvènè Cuomo pou vizyon l ak lidèchip li ki fè jodi a vin yon reyalite".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Kòmansman travay sa a se yon etap enpòtan k ap make yon nouvell epòk pou Konte Nassau. Di babay a Tèren Non (Land of No) - n ap devlope ankò epi n ap konstwi pou avni nou. Kèlkeswa si se isit la nan Belmont, nouvo SANT lan, sant vil revitalize nou yo, oswa nouvo devlopman ki oryante anvè transpò komen toupatou nan Konte nou an - n ap di WI pou fè Konte Nassau vin yon kote dinamik pou moun viv, travay, ak jwe. WI pou opòtinite ekonomik, WI pou yon sistèm transpò piblik amelyore, epi WI pou Islanders yo jwe isit la, kote yo dwe ye. Devlopman Belmont lan pral atenn twa (3) objektif ki enpòtan pou nou: ranfòse ekonomi nou an, agrandi rezo transpò komen an, epi pote Islanders nou yo vin lakay yo - ki se yon gwo kout chapo pou Konte Nassau".

Sipèvizè Vil Hempstead la, Laura Gillen te deklare, "Mwen kontan anpil pou m sèvi kòm Sipèvizè k ap akeyi NY Islanders yo retounen lakay yo epi m pral kontinye defann yo pou n asire ke kominote yo jwi avantaj y ap pote yo epi atenye efè yo ka gen sou katye ozalantou yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif NYRA a, Dave O'Rourke te deklare, "Nou vrèman kontan pou n akeyi New York Islanders vin nan Belmont Park. Pwojè sa a pral kreye djòb ak opòtinite ekonomik pou anpil Nouyòkè kounye a ak pandan anpil deseni k ap vini ankò epi l ap kontribiye nan siksè kous cheval san yo pa melanje a ap kontinye jwi nan Belmont Park".

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)